

**Pou ki sa entèlektyèl, filozòf ak syantis ayisyen  
dwe ekri an kreyòl ?**

**Pwòf Lefranc JOSEPH**

**Revizyon : MIT-Ayiti (2022)**



## **Sa k nan atik la**

<b>Pou m kòmanse .....</b>	<b>2</b>
<b>1. Ekri pou Ayisyen .....</b>	<b>2</b>
<b>2. Konsolide ak valorize lang kreyòl la .....</b>	<b>3</b>
<b>3. Patisipe nan anrichisman patrimwàn syantifik monn lan .....</b>	<b>4</b>
<b>4. Fè yon travay konseptyèl orijinal.....</b>	<b>5</b>
<b>5. Tabli nouvo estanda epi redrese balans la .....</b>	<b>6</b>
<b>Pou m fini .....</b>	<b>7</b>

## Pou m kòmanse

Chak ane, gen anpil liv ki pibliye e sikile ann Ayiti. Pifò nan yo ekri an franse. Pa egzanp, pou ane 2022 a, pami 1 337 liv ki te disponib pou vann nan *Livres en folie*, gen mwens pase 10% ki ekri an kreyòl.<sup>1</sup> Pami 64 liv Edisyon Inivèsite Leta Ayiti te mete disponib pou vann nan evènman sa a, se 5 sèlman ki ekri an kreyòl, e pami 5 lan gen 4 nan yo se menm otè a ki ekri yo. Reyalite sa a, ki se rezilta move politik lang nan peyi a, gen konsekans negatif sou avansman lang nou an. Sa mande chanje. Kon sa, lè nou anvizaje konsekans sa yo, nou konprann nan ki nivo li nesèsè pou gen plis konesans ak piblikasyon k ap sikile nan lang nou an. Nan atik sa a, mwen konsidere senk rezon ki montre pou ki sa entèlektyèl, filozòf ak syantis ayisyen dwe patisipe nan renouvle epi transfòmè panorama lengwistik piblikasyon konesans nan peyi a.

### 1. Ekri pou Ayisyen

« Sèl lang ki simante tout Ayisyen nèt ansanm, se kreyòl la ». Koze sa a nou jwenn nan Atik 5 Konstitisyon 1987 la se yon verite ki travèse tout istwa nasyon nou. Se yon reyalite elit politik la te kòmanse admèt sèlman nan lane 1957 nan konstitisyon yo fè nan ane sila a. Sonje, nan Konstitisyon 1957 la, apre yo fin deklare franse se lang ki obligatwa nan administrasyon piblik ak lajistis, yo ekri : « Lalwa ava gen pou detèmine ka ak kondisyon kote Leta penmèt e menm rekòmande itilizasyon kreyòl pou sovgade enterè materyèl ak moral *sitwayen ki pa konnen lang franse a ase* ». <sup>2</sup> Nan yon lòt atik mwen ki deja pibliye, mwen montre jan ti bout fraz sa a fundamental — paske moun ki ekri l yo admèt « *itilizasyon franse a ka mete an danje enterè materyèl ak moral sitwayen nan peyi a* ». <sup>3</sup>

Nou ka remake tèks lwa a pale de « *sitwayen ki pa konnen lang franse a ase* ». Kòm ki dire Ayisyen ta pale fransè, men, sanble gen nan yo ki pa pale li ase. Koze tèt an ba sa a esprime yon gwo malèz nou jwenn twa ka syèk anvan sa nan liv Louis-Joseph Janvier ki, nan chache prezante Ayiti tankou pwovens kiltirèl ak entèlektyèl Lafrans, pa t ezite deklare menm kalte koze tèt an ba sa a. Nan yon lèt polemik ki pibliye nan liv *Les Détracteurs de la race noire et de la République d'Haïti*, li ekri « lang franse se sèl lang tout moun pale, sèl lang tout moun itilize, e tout peyizan konprann li ». <sup>4</sup> Koze sa a gen 2 gwo konsekans. Premyeman, li fè Ayiti parèt tankou yon pwovens kiltirèl Lafrans. Dezyèmman li lese konprann pa ta gen nesèsite pou nou menm pale de lòt lang piske tout moun gen tan pale franse. Magre tout goumen pou toufe kreyòl la, li rete lang tout Ayisyen pale. Retire rapò *Office International pou la Francophonie* ki bay manti

1. Done sou *Livres en Folie* yo disponib sou sit sa a : <https://www.unibankonline.com/lef/go.php>. Nou itilize teknik *data scraping* pou nou ekstrè yo. Tablo liv yo gen 5 kolòn : otè, tit, kategori, yon kolòn san tit ki gen lis mezon edisyon yo ak pri. Li parèt enteresan pou nou remake tou ke òganizatè evènman an ki mete done yo an liy pa konsidere varyab lang lan pou ede pi byen kategorize done yo.

2. Se mwen ki tradui e ki mete yon pati nan pawòl la ann italik. Tèks orijinal la di : « *la Loi viendra déterminer les cas et les conditions dans lesquels l'usage du créole sera permis et même recommandé pour sauvegarder les intérêts matériels et moraux des citoyens qui ne connaissent pas suffisamment la langue française.* » Gade atik 35 nan Konstitisyon 1957 la.

3. Lefranc Joseph, « Lang nan pwodiksyon sosyete ayisyen an : Istori, fòs pouvwa ak konsyantizasyon », *Journal of Haitian Studies* 27, no. 1 (2021) : 4–37, <https://doi.org/10.1353/jhs.2021.0000>.

4. Louis-Joseph Janvier, « Lettre M. le Dr Janvier à Monsieur Eugène Young » nan *Les détracteurs de la race noire et de la république d'Haïti* (Paris : Marpon et Flammarion, 1882), 27. Se mwen ki tradui. Mo pa l yo se : « *la langue française est la langue courante, la seule en usage, et tous les paysans la comprennent* ».

kote se 42% popilasyon an ki ta konn pale franse,<sup>5</sup> tout lòt rechèch sou sijè sa a montre ke Ayisyen ki pale franse nan peyi a pa rive depase 10% nan popilasyon an, alòs ke se tout Ayisyen alawonn Badè ki pale kreyòl.<sup>6</sup> Ki donk, lè entèlektyèl, filozòf ak syantis ekri an kreyòl, yo ouvè travay yo bay plis Ayisyen.

## 2. Konsolide ak valorize lang kreyòl la

Lang nou an se yon lang ki an ba bòt dominasyon kolonyal epi neyo kolonyal. Se yon lang k ap pran sabò nan men leta ak elit ayisyen depi lontan. Kon sa, olye moun ki gen pouvwa nan peyi a envesti resous nan pwogram pou fè lang nou an avanse, se fransè yo jwenn mwayen pou bay bourad. Aksyon sa yo, k ap toupizi lang kreyòl la, gen anpil gwo non deyè yo. Nan lane 1949, Dantès Bellegarde konstate ak regrè e mepri ke jèn Ayisyen pi pito pale kreyòl epi selebre move rezilta yo bay nan egzamen leta.<sup>7</sup> Li pa konprann ke egzamen te sipoze fèt nan lang jèn yo pale a. Nou ka sonje tou, an 2010, Suze Mathieu denonse Leslie François Manigat ki te deklare nan yon konferans ke kreyòl pa sèlman limite nou, li kokobe nou tou.<sup>8</sup> Menm Jean Price-Mars te kwè kreyòl la se yon pwoblèm lè l te deklare ke rekonesans kreyòl kòm lang nasyonal ak ofisyèl se t ap yon defèt.<sup>9</sup> An reyalyite, sa yo se koze tèt an ba. Sa ki mete limitasyon pou chak Ayisyen e tout sosyete nou an se politik lang ak pratik diskou ki bare an wo, bare an ba pou lang nasyon an pa gen valè nan sosyete a. Dayè, gen rechèch ki montre se pito lang franse a ki bloke pwogrè sosyete ayisyen an.<sup>10</sup> Malgre Bellegarde wè lang franse se youn nan koz echèk nan egzamen leta, li pa pale sou nesite pou n ta wete obstak sa a. O kontrè, li rejwi wè jan lang franse a bloke jèn Ayisyen sa yo nan egzamen leta. Leslie Manigat, li menm, li te regrèt ti avanse ki te fèt nan dwa lengwistik nan peyi a apre 1986, paske sa te retire baboukèt nan bouch twòp moun. Nan liv li ki

---

5. Frenand Léger, « Réflexions sur la situation linguistique en Haïti : Entre propagande et discours scientifique » (2020), <https://www.potomitan.info/ayiti/leger/haiti.php>

6. Lefranc Joseph, « Lang nan pwodiksyon sosyete ayisyen an : Istorik, fòs pouvwa ak konsyantizasyon, » *Journal of Haitian Studies* 27, no. 1 (2021) : 4–37, <https://doi.org/10.1353/jhs.2021.0000>.

7. Léon-François Hoffmann, *Haïti : Couleurs, croyances, créole* (Montréal : CIDIHCA, 1989), 237.

8. « *La créolophonie n'est pas seulement une limitation mais une infirmité* ». Suze Mathieu, « Yon lèt tou ouvri pour Mesye Vernet Henry », *Le Nouvelliste*, 20 dawout 2010, <https://lenouvelliste.com/article/82698/yon-let-tou-ouvri-pour-mesyevernet-henry>. Lide sa a se yon lide ki gaye nan panse sosyal ak literè ayisyen an. Léon-François Hoffmann bay anpil detay ak egzanzp sou sa nan liv ki rele *Haïti : Couleurs, Croyances, Créole* (Montréal : CIDIHCA, 1989).

9. Léon-François Hoffman rapòte nou ke lè te gen moun k ap mande pou kreyòl jwenn plas li nan sosyete a, Jean Price-Mars te bay replik sa a : « Fè kreyòl la tounen lang nasyonal ak ofisyèl se yon admisyon defèt nan batay vyolan listwa mete nou pou nou fè pou kenbe pozisyon orijinal nou antanke pèp nwa ki pale fransè nan kafou sivilizasyon doub anglo-sakson ak iberik nan twa Amerik yo. » Se mwen ki tradui. Tèks orijinal la di : « *Faire du créole notre langue nationale et officielle serait l'aveu d'une défaite dans l'après bataille où l'histoire nous a engagés pour garder notre position originale de peuple noir d'expression française au carrefour de la double civilisation anglo-saxonne et ibérique dans les trois Amériques* ». N ap jwenn sitasyon sa a nan Léon-François Hoffmann, « *La Langue française et le danger états-unien en Haïti* », in *Francophonie et identités culturelles*, ed. Christiane Albert (Paris : Karthala, 1999), 57 ki site Jean Price-Mars, « Interview », *Rond-Point* (juillet 1962).

10. Benjamin Hebblethwaite, « French and underdevelopment, Haitian Creole and development : Educational language policy problems and solutions in Haiti », *Journal of Pidgin and Creole Languages* 27, no. 2 (2012) : 255–302, <https://doi.org/10.1075/jpcl.27.2.03heb>.

rele *La Crise haïtienne*, miche ekri : « Jeneralizasyon itilizasyon kreyòl la te bay twòp moun aksè pou esprime sa yo panse. Tout bagay te chanje ! »<sup>11</sup>

Jan Noam Chomsky di nou sa, plis pase yon sistèm kominikasyon, lang se yon sistèm pou reprezante epi esprime panse ;<sup>12</sup> men, tou, panse nou yo gen gwo enpak sou transfòmasyon ak konsolidasyon lang nou pale a. Kon sa, avansman yon lang depann anpil de volim ak kalite panse ki esprime ladan l. Se kon sa, tou, konsolidasyon ak valorizasyon lang kreyòl la depann de piblikasyon bon kalite rechèch syantifik, rechèch filozofik, zèv literè, refleksyon apwofondi, e latriye.

### 3. Patisipe nan anrichisman patrimwàn syantifik monn lan

Jounen jodi a, anglè se lang ki domine lasyans. Nan sans sa a, gen moun ki kwè li jwe menm wòl laten te jwe nan yon epòk. Dominasyon anglè a fè yon seri moun kwè ke anglè se sèl lang lasyans.<sup>13</sup> Kwayans sa a se yon pozisyon danjere pou plizyè rezon. Ban m site twa ladan yo. Premyeman, sa redui lasyans a yon sèl lang epi sa lese kwè konesans ki pwodui nan lòt lang yo pa gen menm valè ak valide. Dezyèmman, sa bay moun enpresyon lòt lang yo pa ka sèvi pou esprime diskou konesans syantifik. Prejije sa yo ranfòse inegalite sou baz lang epi sa fasilite esklizyon moun ki pa pale ak ekri anglè. Twazyèmman, sa kreye chimen pou gen yon panse inik epi sa toufe divèsite nan tout nivo.<sup>14</sup>

Pi bon fason pou n goumen kont panse dogmatik sa a se pwodui konesans nan tout lang. Kon sa, lè yon syantis ekri yon bon liv oswa yon bon atik syantifik an kreyòl, li patisipe nan anrichi lasyans pandan li bay Ayiti posibilite pou pote kontribisyon orijinal pa l. Ki donk li fè 2 kabès depi an lagan ! Men, koze a pa ko fini. Lè w pibliye an kreyòl, ou tou enskri non w pami gwo chèchè ayisyen k ap itilize kreyòl pou yo patisipe nan anrichi patrimwàn syantifik monn lan.

Ou ka di tèt ou ekri an kreyòl ka fè w pa jwenn eko nan nivo entènasyonal epi fèmen w sou Ayiti. Si w panse sa, detwonpe w.

Pou m ilistre pwen sa a, ban m pran yon egzanzp. An 2005, Doktè Suze Mathieu pibliye yon liv 47 paj ki gen pou tit *Depi nan ginen nèg renmen nèg*.<sup>15</sup> Liv la soti nan yon konferans li te pwononse pou Fondasyon Maurice A. Sixto jou ki te 28 oktòb 2004. Ladan l, otè a analize pwoblematik lang nan kesyon demokrasi ann Ayiti. Ekri liv la ekri an kreyòl pa fè liv sa a rete

11. Leslie F. Manigat, *La crise haïtienne contemporaine* (Port-au-Prince: Imprimerie Media-Texte, 2009), 20. Tèks orijinal di kon sa : « *La généralisation de l'emploi du créole facilitait l'accès aisé à la parole pour des langues subitement déliées et des imaginations automatiquement débridées. Plus rien n'était plus [sic] comme avant* ».

12. Noam Chomsky, *The Essential Noam Chomsky*, edité : Anthony Arnone (New York : The New Press, 2008), 357.

13. David G. Drubin et Douglas R. Kellogg, « English as the universal language of science: opportunities and challenges », *Molecular Biology of the Cell* 23, no 8 (2012): 1399-1399, <https://doi.org/10.1091/mbc.e12-02-0108>; Roey Elnathan, « English is the language of science — but precision is tough as a non-native speaker », *Nature*, 1 (2021), <https://doi.org/10.1038/d41586-021-00899-y>.

14. Gibson Ferguson, « The global spread of english, scientific communication and ESP : Questions of equity, access and domain loss », *Ibérica* 13, no. 1 (2007) : 7–38.

15. Suze Mathieu, *Depi nan ginen, nèg renmen nèg : Kreyòl ak demokrasi nan peyi d Ayiti* (Port-au-Prince : Presses Nationales d'Haïti, 2005).

nan yon kwen. Nou jwenn li site nan gwo revyi tankou [Journal of Postcolonial linguistics](#),<sup>16</sup> [Suomen Antropologi](#) ki se revyi sosyete antwopoliji nan peyi Finlann, [Journal of Haitian studies](#),<sup>17</sup> [Revue transatlantique d'études suisses](#),<sup>18</sup> [Prospects. Comparative Journal of Curriculum, Learning, and Assessment](#),<sup>19</sup> [Stockolm Review of Latin American Studies](#).<sup>20</sup> Yo site l nan gwo liv akademik tankou [Encyclopedia of Educational Philosophy and Theory](#).<sup>21</sup> Jan nou ka wè sa, lang kreyòl la pa t anpeche *Depi nan ginen, nèg renmen nèg gen yon enpak ki remakab*.

Menm jan an tou, dapre [Google Scholar](#), *Yon lekòl tèt anba nan yon peyi tèt anba*<sup>22</sup> resevwa 47 sitasyon nan liv savan, tèz doktora ak revyi syantifik sou yon peryòd 9 lane.<sup>23</sup> Se plis pase doub sa *La crise haïtienne du développement*<sup>24</sup> genyen, ki se sèlman 21 sou yon peryòd 11 lane.<sup>25</sup> Se tou plis pase *La crise haïtienne contemporaine*<sup>26</sup> ki resevwa sèlman 32 sou yon peryòd 13 lane. Pou plis kontèks, nou ka remake ke *Yon lekòl tèt anba nan yon peyi tèt anba* pibliye an 2013 alòs ke *La crise haïtienne du développement* soti an 2011 epi *La crise haïtienne contemporaine* soti depi an 2009. Jan done [Google Scholar](#) montre sa, ekri an kreyòl pa anpeche chèchè tout kote li liv rezilta rechèch ou epi site w nan gwo revyi, tèz ak liv akademik. Pibliye an franse pa garanti w ap fè pi gwo enpak pase si w te pibliye an kreyòl.

#### 4. Fè yon travay konsepyèl orijinal

Ban m poze w twa ti kesyon. (1) Ki jan ou tradui « *structuralism* » an kreyòl ? « Esktriktiralis » oswa « chapantalis » ? (2) Ki jan ou tradui « *gouvernementalité* » ? « Gouvènmantalite » oubyen « fòs pouvwa » ? (3) Ki jan ou tradui « *Avant-propos* » ? « Koze douvanpòt », « avan m pale » oswa « avanpwopo » ? Mwen pito ekri « chapantalis », « fòs pouvwa », « avan m kòmanse ». Men, si w panse nou sipoze ekri « esktriktiralis », « gouvènmantalite » ak « koze douvan pòt », pa gen pwoblèm.

---

16. Michel DeGraff, « The politics of education in post-colonies : Kreyòl in Haiti as a case study of language as technology for power and liberation », *Journal of Postcolonial Linguistics* 3 (2020) : 118

17. Joseph, « Lang nan pwodiksyon sosyete ayisyen an : Istorik, fòs pouvwa ak konsyantizasyon », 6.

18. Michel DeGraff, « La langue maternelle comme fondement du savoir : l'initiative MIT-Haïti : Vers une éducation en creole efficace et inclusive », *Revue Transatlantique d'études Suisses*, no. 6–7 (2017) : 178.

19. Michel DeGraff, « Mother-tongue books in Haiti : The power of Kreyòl in learning to read and in reading to learn » *Prospects* 46, no. 3–4 (2016) : 460, <https://doi.org/10.1007/s11125-017-9389-6>.

20. Markel Thylefors, « Our Government is in Bwa Kayiman : A Vodou Ceremony in 1791 and its contemporary significations », *Stockolm Review of Latin American Studies*, no. 4 (2003) : 73–83.

21. Ashlyn Haycock, « Language and identity in Haiti : Central issues in education » in *Encyclopedia of Educational Philosophy and Theory*, ed. Michael A. Peters (Singapore : Springer, 2017), 1238–43.

22. Yves Dejean, *Yon lekòl tèt anba nan yon peyi tèt anba*. (Port-au-Prince : Éditions de l'Université d'État d'Haïti, 2013).

23. [Google Scholar](#) se yon motè rechèch ki endekse ak « metadone » (egal : enfòmasyon sou done yo) piblikasyon syantifik ki soti tou patou nan monn lan. Lè li endekse yon piblikasyon syantifik, li anrejistre done sou chak fwa lòt otè site piblikasyon sa a. Sa se yon bon mezi pou w konprann enpak yon zèv syantifik.

24. Fritz Dorvilier, *La crise haïtienne du développement : Essai d'anthropologie dynamique* (Montréal : Presses de l'Université Laval, 2012) ; (Port-au-Prince : Editions de l'Université d'État d'Haïti, 2012).

25. Liv sa te edite ann Ayiti nan *Éditions de l'Université d'État d'Haïti* ak Kanada nan *Presses de l'Université Laval*. Li resevwa 2 sitasyon pou edisyon Ayiti a epi 19 pou sa Kanada a.

26. Leslie F. Manigat, *La crise haïtienne contemporaine* (Port-au-Prince: Imprimerie Media-Texte, 2009).

Men, deba sa a pa sipoze fèt nan bouch sèlman. Se nan pratik ekri lasyans menm pou nou fè li. Pinga kè w kase lè w an fas yon konsèp ki pa ko tradui an kreyòl. Ou mèt tradui l. Si w twonpe w, lòt chèchè ava reyaji, y ava fè deba avè w. Se souvan kon sa nouvo konsèp ansanm ak nouvo vokabilè ki pou akonpaye konsèp sa yo konn antre nan yon lang.<sup>27</sup>

Èske w konn konsèp « *genre* » an franse ? Enben, se chèchè ak filozòf ki pale franse ki pran « *gender* » ann anglè epi yo fè l tounen « *genre* » nan lang pa yo. Menm travay sa a fèt pou « *globalization* ». An reyalite, tradiksyon konsèp pa yon bagay ki senp.<sup>28</sup> Li toujou mete moun k ap tradui a nan yon deba gwosè sa ; men, se yon travay ki nesèsè paske tradiksyon ak ale vini ant divès lang se aktivite ki patisipe nan pwodiksyon konesans nan tout domèn.<sup>29</sup> Lè nou travay kon sa ak lang nou an, nou antre nan pwobematik tradiksyon konsèp la. Travay sa a ap fèt nan jan nou entèrajè ak konsèp ki pwodui nan lòt lang epi nan jan nou pwodui konsèp an kreyòl.

Koze a pa rete la sèlman. Bon kalite piblikasyon ap jwe yon gwo wòl tou nan bay moun ki travay sou politik ak nòm pou lang kreyòl la (leksikograf, grameryen, akademisyen e latriye) materyo pou yo devlope diksyonè, manyèl gramè, nòm e latriye. Kon sa nou ka konprann enplikasyon travay syantifik, filozofik ak literè k ap ekri an kreyòl — wi, sa gen gwo enplikasyon nan plizyè nivo.

## 5. Tabli nouvo estanda epi redrese balans la

Nan kòmansman atik la mwen te fè kèk remak sou jan franse domine peyizaj piblikasyon konesans ak lide nan peyi a. Mwen te remake tou li lè pou nou tabli nouvo estanda epi redrese balans lan. Pou reyalite sa a ka transfòm, fòk gen anpil piblikasyon nan lang nou an. Se bon jan rechèch ak refleksyon kreyòl k ap rive chanje reyalite sa a kote se franse ki sèl kòk chante nan domèn syantifik ann Ayiti. Chak fwa yon Ayisyen pibliye rechèch li an kreyòl, li patisipe nan tabli yon nouvo estanda, li patisipe nan yon lòt pratik ki pou defini reyalite piblikasyon konesans ak lide nan peyi a. Kon sa, lòt chèchè ayisyen ap gen plis chans pou pase plis tan nan fè lekti an kreyòl pou yo avanse ak rechèch pa yo. Etidyan nan inivèsite ap gen anpil pou yo aprann nan lekti travay sa yo tou. Pratik sa a ap ka gen yon konsekans ki enpòtan : kaba prejije anti kreyòl lakay etidyan yo epi ede yo konprann rezon ki fè yo menm tou dwe ekri an kreyòl.

Jan mwen te montre sa nan paragaf ki vin anvan yo, enpak liv Yves Dejean ak Suze Mathieu demontre sa klè : yon moun ki pibliye konesans ak lide an kreyòl pa fèmen tèt li nan okenn « geto kreyòl ». O kontrè, moun sa a antre nan tabli nouvo estanda nan relasyon ant lang ak

27. <https://www.potomitan.info/ayiti/degraff/verite.php>

28. Men kèk piblikasyon ki montre nivo kompleksite kesyon an : Barbara Cassin, ed., *Vocabulaire européen des philosophies : Dictionnaire des intraduisibles* (Paris : Le Robert/Seuil, 2004); Jacques Guilhaumou, « De l'histoire des concepts à l'histoire linguistique des usages conceptuels », *Genèses*, no 38 (2000) : 105-18, <https://doi.org/10.3917/gen.038.0105>; Martin J. Burke et Melvin Richter, ed., *Why concepts matter. Translating social and political thought* (Leiden & Boston : Brill, 2012); Olivier Christin, ed., *Dictionnaire des concepts nomades en sciences sociales* (Paris : Métailié, 2010); Pascale Sardin, ed., « Traduire le genre : femmes en traduction », nimewo espesyal. *Palimpsestes*, 22, 2009. <https://doi.org/10.4000/palimpsestes.180>.

29. Maria do Mar Pereira, Natasha Marhia, et Christina Scharff, « Interrogating language difference and translation in social science research : Towards a critical and interdisciplinary approach », *Graduate Journal of Social Science* 6, no 3 (2009) : 1-12.



pwodiksyon konesans, pandan l ap patisipe nan redrese balans inegalite ak enjistis nan peyi a — diskriminasyon lengwistik jwe yon michan wòl nan dezekilib sa a.

### **Pou m fini**

Kounye a, ou ka mande tèt ou ki kote ou ka pibliye rechèch ou an kreyòl. Si w ap pibliye liv, w ap jwenn plizyè mezon edisyon ann Ayiti ki resevwa maniskri an kreyòl. Pa egzanp, se *Éditions de l'Université d'État d'Haïti* ki pibliye *Yon lekòl tèt anba nan yon peyi tèt anba*. Se *Presses Nationales d'Haïti* ki pibliye liv *Depi nan ginen nèg renmen nèg*. Si se atik syantifik w ap pibliye, ou ka pibliye nan *Journal of Haitian Studies*, ki se yon revyi syantifik [Asosyasyon etid ayisyen](#) ki chita kò l nan [University of California Santa Barbara](#). Gen lòt jèn revyi ki resevwa bon jan rechèch an kreyòl tou. [Revue Temporalités et sociétés](#), [Cahiers internationaux de sciences sociales](#) ak [Enjeux sociétaux](#) se twa revyi ke [CHARESSO](#) pibliye epi yo esplike nan politik editoryal yo ke yo akeyi atik nan lang kreyòl tou, ki fè ou ka konsidere revyi sa yo tou. Epi, tou, gen revyi *Chantiers* ki pibliye atik an kreyòl. Pa egzanp, nou jwenn plizyè atik an kreyòl nan nimewo 4 la ki pibliye an 2018.<sup>30</sup> Sanble revyi sa a pa pibliye politik editoryal li, men, prezans plizyè atik an kreyòl nan nimewo sa a montre ke se youn nan lang piblikasyon yo. Epi tou, gen [Platfòm MIT-Ayiti](#) k ap kore pwodiksyon resous an kreyòl nan tout matyè e nan tout nivo akademik. Yo menm ofri sèvis yon ekip ki ede nan evalyasyon ak editing dokiman yo resevwa pou Platfòm lan.<sup>31</sup> Sa yo se kèk opsyon ki egziste nan moman m ap fini atik sa a.

Li enpòtan pou n siyale, boutofen, ke tradiksyon liv an kreyòl ka jwe yon wòl enpòtan — ansanm ak piblikasyon orijinal an kreyòl. Nan yon ti videyo opiyon ki pibliye an fevriye ane sa a, ekriven Evelyne Trouillot montre ki jan sa enpòtan lè gen tèks literè ki tradui an kreyòl.<sup>32</sup> Nou ka ajoute se pa sèlman tèks literè ki dwe tradui an kreyòl. Lòt kalte tèks nan domèn filozofi, lasyans ak tout lòt domèn enpòtan anpil tou nan pwosesis avansman yon lang.

---

30. Revyi sa pa difize an liy ; men, nou jwenn nimewo 4 li a sou sit entènèt *Anthropolitics* : <http://www.anthropolitics.org/wp-content/uploads/2021/08/Chantiers-v-4.pdf>

31. <http://MIT-Ayiti.NET/sa-n-ap-fe>

32. Evelyne Trouillot « Poukisa l enpòtan pou tradui tèks lòt lang an kreyòl ? » Videyo Youtube. 4 minit 22 segond, 26 fevriye 2022, [https://www.youtube.com/watch?v=KG3x5okSm7g&ab\\_channel=AyiboPost](https://www.youtube.com/watch?v=KG3x5okSm7g&ab_channel=AyiboPost)